



Pou Piblikasyon Imedya: 04/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON 11 LISANS BA ALKÒL ANPLIS NAN
NEW YORK POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK
KOWONAVIRIS**

94 lisans biznis alkòl te sispann pandan ijans sante piblik la

*Fòs entèvansyon milti-ajans lan te reyalize plis pase 900 verifikasyon konfòmite
lendi swa, te obsève 27 vyolasyon anplis*

*612 akizasyon te depoze ak trete jiska jodi a, lis aktyalize sispansyon ak
akizasyon yo disponib [ISIT LA](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 11 ba nan Eta New York apre yo te dekouvri vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki gen rapò ak pandemi an. Nan lendi, fòs entèvansyon milti-ajans eta a, ke Lapolis Eta a ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a te dirije, te mennen plis pase 945 verifikasyon konfòmite, anrejistre vyolasyon nan 27 etablisman. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yo ba oswa restoran.

"Moun New York yo brize koub viris la e aksyon yo te pèmèt nou kenbe yon to enfeksyon ki ba pandan reouvèti nou an, men nou dwe kontinye entelejan epi fè atansyon, espesyalman pandan n ap obsève ogmantasyon ka yo nan tout rès peyi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan m ap felisite gran majorite pwopriyetè ba ak restoran yo ki te pran prekosyon ekstraòdinè epi ki te rete vijilan pandan kriz sa, premye priyorite nou se pwoteje sante piblik la e fòs entèvansyon an rete konsantre ak lazè pou rann sila ki vyole lalwa volontèman yo responsab."

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare, "Detay konfòmite sa yo se konsènan pwoteksyon sante piblik la ak fason pou kenbe moun yo an sekirite, e SLA ap kontinye pran mezi represyon sou biznis ki bafwe lalwa, k ap mete Nouyokè ak reouvèti ekonomik nou an nan risk".

11 etablisman yo te bay òdonans dijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta nan dat 3 out ak 2 out yo se:

"Court Deli Restaurant" nan 96 East 161st Street nan Bronx, nan 4 out 2020

Baze sou plent kliyan k ap manje andedan lokal la nan dat 3 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans lan te obsève kat kliyan nan de tab separe k ap manje epi bwè andedan lokal la, avèk prèv sèvis andedan tou.

"Suite 704" nan 704-706A Nostrand Avenue nan Brooklyn, nan 4 out 2020

Nan dat 1ye out, ofisye NYPD yo te obsève douz kliyan k ap manje andedan lokal la, anplwaye san kouvèti vizaj, ak yon DJ k ap enstale andedan, nan vyolasyon lisans yo ak Lòd Egzekitif Gouvènè a ki pa otorize sèvis andedan nan tout NYC.

"Burkes Grill" nan 7 South Avenue nan Webster, nan 4 out 2020

Nan dat 30 jiyè, investigatè SLA yo te fè yon vizit sekre nan restoran sa pou jwenn li ap fonksyone antanke yon ba ilegal sèlman:obsève douz kliyan nan ba a ki te inyore enstriksyon distans sosyal yo ak de kliyan ki te kanpe epi ap bwè. Yon investigatè te kòmande e yo te sèvi l yon byè san manje nan men yon bamann san yon kouvèti vizaj, pandan li t ap obsève twa kliyan antre nan ba a ke yo te sèvi alkòl tou san manje.

"Sirenita Lounge" nan 12 Croton Avenue nan Ossining, nan 4 out 2020

SLA te resevwa yon rekòmandasyon nan men Depatman Polis Vilaj Ossining ke nan dat 31 jiyè ofisye yo te reyalize yon enspeksyon konfòmite ki te obsève yon sèn nan fòm ba andedan ak kliyan ki t ap bwè, jwe biya epi melanje andedan san mask epi inyore enstriksyon distans sosyal yo; plizyè kliyan t ap flannen epi bwè dirèkteman deyò etablisman an tou.

"Boxcar Lounge," nan 168 Avenue B nan Manhattan, nan 4 out 2020

Nan dat 3 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te entèwoje pwopriyetè biznis lan, ki te admèt li te sèvi alkòl bay kliyan yo san manje, anplis li te rekonèt biznis lan pa gen yon kwizin oswa prepare manje, ki te yon egzijans pou tout tavèn ki gen lisans depi 1964.Yo te site epi sanksyone biznis ki gen lisans lan dabò an 2019, ak yon "non bona fide" paske li pa gen manje ki disponib.

"La Vue" nan 3202 Emmons Avenue nan Brooklyn, nan 3 out 2020

Nan dat 2 out, investigatè ak fòs milti-ajans yo te obsève plizyè vyolasyon flagran nan lokal ki gen lisans sa:senk gad sekirite ak de valè san kouvèti vizaj dirèkteman deyò biznis lan, sis anplwaye k ap prepare manje ak twa bamann san kouvèti vizaj, karant kliyan san mask andedan, toupre twati a, ak san senkant kliyan k ap bwè epi danse sou twati a, ak plizyè yo te obsève k ap pataje oka ak bwason nan sèvis boutèy yo te ofri.

"EL Manaba Restaurant" nan 341 St. Nicholas Avenue nan Ridgewood, nan 3 out 2020

Nan dat 2 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève onz kliyan andedan restoran an k ap manje epi konsome alkòl, ki enkli sèt ki te chita sou tab ak kat nan ba a, tout sa ilegal nan Vil New York. Anplis investigatè yo te obsève kat anplwaye andedan restoran an san kouvèti vizaj.

"Crush Bar and Lounge" nan 10 West Mount Eden Avenue nan the Bronx, nan 3 out 2020

Nan dat 2 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève yon DJ k ap jwe mizik deyò lokal la k ap kreye yon atmosfè tankou nightclub ak plis pase venn senk kliyan, pifò nan yo san kouvèti vizaj, k ap fete, melanje epi ap bwè.

"Kazan Mangal" nan 97-13 Queens Boulevard nan Queens, nan 3 out 2020

Nan dat 2 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève kat kliyan k ap manje epi bwè andedan restoran an. Yo te akize Kazan Mangal deja paske li te otorize kliyan yo manje andedan nan dat 26 jiyè.

"Shanghai Red" nan 127-129 Westchester Square nan Bronx, nan 3 out 2020

Nan dat 2 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève twa kliyan k ap manje epi bwè andedan lokal la, ki enkli de nan ba a. Dirèkteman deyò ba a, investigatè yo te obsève plizyè kliyan ki te kanpe, ap bwè epi inyore enstriksyon distans sosyal yo anplis yon sèvè ki te san yon kouvèti vizaj.

"The Greek Kitchen" nan 885 10th Avenue nan Manhattan, nan 3 out 2020

Baze sou plent kliyan k ap manje andedan lokal la nan dat 2 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève plizyè kliyan k ap manje andedan.

Se Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greely Ford ki te òdone sispansyon yo nan reyinyon espesyal Komisyon Konplè a nan dat 3 ak 4 out 2020 yo, kote te fèt atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman sou enstriksyon distans sosyal yo.

Yo enpoze Sispansyon Somè Ijans yo lè SLA a jwenn operasyon kontini yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo bay touswit ak rete anvigè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans la ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)